# TOPPATOO CI JAFE-JAFE

AWRIL ATTUM 2026

## Naka la Politigu Immigrasioŋ di néew doole ak Teela toppatoo ak Prograamu njàng

Ñi ko bind:
Suma Setty, MPH
Kaelin Rapport, PhD
Emily Rodriguez

CLASP
The Center for Law and Social Policy

Nit ñiy jàngal, toppatoo ba noppi di xeex ngir xale yu ndaw yi ci réew mi, ñu ngi yëg ci saasi jafe-jafe yi politik federal yi di def ci wàllum imigracioŋ. "Caregiving in Crisis" walla "Toppatoo ci jafé-jafé" Mi ngi lééral ay gis-gis yu jóge ci waxtaan ak ñiy jàppalé njabootu tukkikat yi ak xalé yu am juróom at ak ci suuf, ci barabi toppatoo xalé yi, jàng bu ndaw, ak yéneen barab yu mél ni loolu. Li ëpp ci ñi waxtaane ak éoom dañuy liggéey ci toppatoo xalé yi ak jàngalé ndawñi. (CCEE): Waaye, ndaxté waxtaan yi dafa ànd ak yénéén jëfandikoo yu bari ci ay sektéer yu mélni toppatoo xalé yi, Head Start, wérgi-yaram, / sééti kër (home visiting), dinañu léén woowé bénn baat bu lén dugan éiom ñépp: "early care and education (ECE) services" walla "ECE providers" maanam "jëfandikoo yu jëme ci toppatoo xalé ak jàngalé bu ndaw (ECE services)" walla "ñiy jàppalé ECE (ECE providers)."

Gëstukatu CLASP yii défnañu ay janoo diggganté wééru suén ak désàmbar 2025 ak 67 serwiis yo xamni déñu done jàngalékat yu njëkk ya, jàngal si kër yi ak ñiy toppatoo xalé yi, WIC ñiy saytu kër yi, liggéeykati wérgi-yaram, ak ñiy taxawu askan wi ca Colorado, Georgia, Illinois, Michigan, New Jersey, Texas, ak Washington. Donté sax li ëpp ci ñi ñu laaj ñoo ngi liggéey ci wallu toppatoo ak njàngum xalé yu ndaw yi, ñëpp ñi ñu laaj dañuy joxé ay jëf yu am solo ci njaboot yi ak di léén taxawu. Bénéén saytu, bu tudd "Even the Playground Isn't Safe" maanam "Bërëp fowukaay yi sax wooratuñu," déf na aay jangat ci juróom-ñetti mbooloom waxtaan yu ñu amaloon ca diiwaan yooyu ak ay waay-jur yu tukkikat yu am ay doom yu am juróom-benn at diëm suuf [1]. Su ñu booléé yooyu dosiyé dañuy wané ni xalé yi nekk ci biir jaboot tukkikkat yi, ñiy toppatoo khaleyi ak jàngalékat yi, ak askan wi yépp ñu ngi dundu ak tiitaangé gu rëy ak jaaxlé.

Ñi ñu laaj seen xalaat dañu wax ni yokkuté gi ci polissu imigrasioŋ ak soppi sàrt yi ak itam yokkute bu sax ci waxtaanu mbañeel tukkikat yi amna njeexital ci seen liggéey, dafa indi jafé -jafé ci séén liggéey, sén jaboot yi ak askan yi leen di jàppalé, ak seen wérgi-yaram. Ñi ñu laaj waxtaan nañu itam ci yeneen jafé-jafé koom ak yëg-yëg yi ñu dundu li ko daléé saŋwiye 2025. Ci liggéeykati CCEE yi, politik ak jaaxle ci kaar-aange seen liggéeykat ak séén askan gëna yokk strés bi ci liggééy ci fayi bu néew, liggéey bu bari coow, ci yëg-yëg ngir liggéey bu am solo bi di toppatoo xalé yu ndaw yi ak seeni wakër.

"Caregiving in Crisis" maanam **"Toppatoo ci jafé-jafé"** dafa sukkandiku ci gëstu bi CLASP déf si attum 2018, bi tudd "Immigration Policy's Harmful Impacts on Early Care and Education" maanam "Njàqaré yu bonn yi politigu imigraa-sioŋ mëna jural xalé yu ndaw yi ak njàng mi" wéyal di bind jafé-jafé yi sart imigraasioŋ yu bon mëna jur ci liggéey yi ñiy jàppale njabootu immigrant yi am xale yu ndaw di déf.

Jaagat bii dafa ëmbe ay anamu gëstu, nékkinu politig ci réémwi, ak li gëstu gi ci waxtaan yi fééñal. Gëstu gi feeñalna, ay leeral ci naka la doxalinu politico askanbi tey jii di yëngalé séen liggéey bi ak sarwiis yi yii jàngalé kat yi do dioxé, ak képë kuyi yëngu ci liggéey bi Boron sarwiis yi ngir mana def séen ligéy; njééxital yi ngir mëna sàmm séeni liggéeykat sàmalé séen wér-gi-yaramu xél; njeexital yi mu am ci séen kiliyan yi; ak séni péxé ngir tàaxawu séeni liggéeykat yi ak séeni njaboot. kayit bi dafa jééxé ak ab tënk ak ayi digle yu jeum si liggéeykati réew mi ak liggéeykati étaa yii, ak ñiy yëngu ci toppatoo xale yi ak sén njàng mu njëkk mi, ngir wàññi lorr yi ci kèp kuy jàppalé xalé yu ndaw rawatina xalé yi bokk ci njabootu tukki-kat yi.

Ñu bari ñi ñu laaj sén xalaat ci jaangat bi khamnanu waajur, walla xarit wala liggéeykat bu ñu jàpp, tëj, wala géne réwmi. Jàpp yooyu mo ngi amé fu soriwul dara ak fiñu len di diapalé ; ñom nak gissna ñu xaléyi nga khamni amna ñiu ay jafé-jafé ndax str és bi s én waajur di am. Sén liggéey amna solo lool ndax dafay jàppal é ékonomi bi ba noppi di jàppale xaléyi lu ëpp gënn-wàlla xalé yépp ci Étazini yu am juróomi at wala ñu ko gëna ndaw.[2] Koom-koomu xalé yu ndaw yi, ci wérgi-yaramu xél, yaram, ak yëg-yëgu xalé yu ndaw yi ak sééni mbokk, njiit yi ak nit ñiy joxe xaalis di jàppale xalé yi ak sarwiisu njàng mu téél bi, ak nit ñiy toppatoo xalé yu ndaw yi.

Ñingi sàkku ci défarkati sàrt yi si ngur fédéraal ak étaa yi ñu jël ayi matuwaay té xoolaat lépp luy xélal si “Even the Playground Isn’t Safe” “Bërëp fowoukay yi sakh woratoul,” ak baña nangu politigu imigrasioŋ biy tàqalé njaboot, ŋgen défar politik ci nivo féderal ak étaa ngir musal barab yu ñu wara arr ak dindi sàrt ak loraangé yu nguur gi tëral di téré nit ñi ñu mëna déf seen liggéey, ba noppi di téré nit ñi am paj. Xélal bi ci suuf mooy wàñi loraangé yi poliisu imigrasioŋ mëna jural xalé yu ndaw yi ak njàngalé yu njëkk yi ak programi njàngalé yi ci jamono ji loolu di am.

## Xélal dépité ci Éta yii

1. Yokk xaliss ak liggéeyandoo ci digganté mbootaay yi yëngu ci toppatoo xalé yi ak njàngum xalé yu ndaw yi, ak mbootaay yi japallé tukkikat, lolu nak si yi si xaliss biñiy mayé.

2. Jël matuwaay ngir wàññi loraangé yi nguur gi tëj ci prograam yiy liggéey xaléyi ak njaboot yi.

3. Déf xaalis té wax ci wérgi-yaramu xélu yaay ji ak xaléyii.

4. Laaj bërabu liggéeyukaay yi réew mi ñu jox xibaar yu léer liggéeykat yiy liggéey direct ak nit ñi ci wàllu sàrt réewmi ngir tukkikkat yii mëna am ndimbal si réewmi.

## Digle yi ñu jox Kureeli Eta yi yor Programi CCEE yi

1. Feylen si limu xalé yi bindu mo gën faylen si limu xale yi ñow su boba duñu ñàkk xaalis su nit ñi ñëwul ndax tiitaangé immigration. Éta yii war nañu léén jàppalé su nit ñi ñëwul ndax tiitaangé imigracioŋ.

2. Saytu té yokk ndimbal ak jumtukaay yi si wérgu-yaramu xelou liggéeykatu CCEE yi.

3. Tégalén ay matuwayi ngir ñuy mëna togg si sen ligey, di leen gëna jàppale, lu ci melni yokk sén saléér, xéewal yu baax, tàggat, ak jàppale liggéeykat yi bëgga wéyal seen njàng wala gëna màgg ci seen liggéey.[3]

4. Joxé xibaar yu jëm ci porogaraami ECE yi ak mboolooy tukkikat yi ci lu jëm ci sàmm séeni sutura ak li waral tukki-kat yi mëna jot ci yenn ndimbali nguur gi, rawatina ndimbël yu jëm ci toppatoo xale yi.

5. Fexe matal ni prograami ECE yi mën nañu am jëf yu baax ak tàggat ci wàllu trauma Toppato, ak jox léén xaalis ngir ñu mëna jëfandikoo jëf yooyu.)[4]

## Xélal ñiy joxé xaalis ngir jàppalé askan wi

Mbooleem ñiy jàppalée askan wi nañu dugal xaalis ci lugaaw ci lu mélni:

1. Ndimbal lu gaaw té 1. Ndimbal lu gaaw té jublu ci xalé yi bokk ci njabootu tukikat yi ak aye kurél yu lén di toppatoo.
2. Jéego yuy wañi wala dakal doxalin ak ay jëf yu bonë yu dieum si tukki-kat yi.
3. Sàrt yui djapalé fëp ci nguur gi.
4. Jéego ngir jàppalé wérgu-yaramu xélug liggéeykat yi ci mbootaay yu yor walum tukkikat yi.
5. Ayi mbootaay ci askan wi yui japalé wérgu yaramu xél yaay yi ak liir yi.
6. Ay awoka yi yomb pur njabooti tukkikat yi.
7. Jëflanté bu dëgër digganté nit ñu wuutéxéét ci bépp kuréel buy taxawu xalé yi.
8. Sàkk ak tasaaré ay jumtukaay ngir liggéeykat yiy toppatoo xalé yi ak njàng mi meun ko jëfandiko.
9. Tasaaré jokkogi ak xibaar yii ngir xamal njabootu tukkikat yi politik yi ñu lén diaglél, séeni àq ak yéléf, ak naka lañu mënée taxawu séen bopp ak séeni askan.
10. Jéego ngir rataxal diguanté gëstukat yi ak ñiy diapalé.
11. Bind gëstu yi ñu déf ci njeexitalu politigu tukkikat yi ci xalé yu ndaw yi ak ñi leen di toppato.
12. Yéegal askan wi yépe, ñiy déf politig yi, ak yénéen joxékat yi ci solo bi domu tukkikay yi am ci ëllëgu réew mi.
13. Liggéey ngiraskan bi ak wa ngur gi xamni sistemu imigracioŋ bi défa yàgg, ñu khamni tukkikat yii ayi nitlañu suko déféé askan wi ak ñiy jël dogal coppite ci sistem bi indi lu arr xalé yii.

## Xélal ngir porogaraami xalé yu ndaw yi

1. Diël ay matuwaay yu wóor ngir arr len sa su waa imigracion wala waa ngur gi neke si wettu bereupu liggéeykayi yii
2. Def ay péxey ngir askan wi di jokkoolanté aka demalanté.
3. Séddoo jumtukaayi xibaar ak mbool-éém liggéeykat yi, ngir japalé lén si li jeum si xél mu dal, walla dindi li jëm si xalaat lu baaxul walla lu amul si nit ñi.
4. fassante kollëre ak ñiy jàppale ci wàllu awoka ci gox yi, ñiy yélléé fu tukki-kat yi, ak kuréél yuy gaawa taxawu askan wi.
5. Jàppalé wayjur ak liggéeykat yu nékk ci jafé-jafé ci wàllu dém ak dikk. Wàññi jafé-jafé yi ci wàllu bindu ak jot ci ndimbal yi. Wut xaalis ci ludul ndim-balu nguur gi ngir mëna am lo denc.
6. Topp xibaar yi ngir xam lu xew si li jëm si imigracioŋ.
7. Xéx kàdduy mbañeel te màggal wuute gi am ci askanu tukkikat yi ak ñu néewdi doodle yii si askan bi.



## *ENDNOTES*


**1** https://www.clasp.org/publications/report/brief/even-playground-unsafe-immigration-policies-hurt-child/

**2** Hannah Matthews, Rebecca Ullrich, and Wendy Cervantes, "Immigration Policy's Harmful Impacts on Early Care and Education," CLASP, March 1, 2018, https://www.clasp.org/publications/report/brief/immigration-policy-s-harmful-impacts-early-care-and-education/

**3** "Resources to Support Early Care and Education Workforce Strategies," Office of Early Childhood. Development, Administration for Children and Families, U.S. Department of Health and Human Services, https://acf.gov/ecd/initiatives/strategy-resources-address-early-care-and-education-ece-workforce- shortage.

**4** Jessica Dym Bartlett, "Trauma-Informed Practices in Early Childhood Education," Zero to Three, March 5, 2021, https:// https://www.zerotothree.org/resource/journal/trauma-informed-practices-in-early-childhood-education/